

rapòte sa bay grefye tribinal ki nan awondisman'w lan si lapolis di yo paka mete manda dare oubyen yon manda pou konparisyon deyè moun ki abize'w la. Rapòte vyolasyon nan tribinal awondisman kote vyolasyon an fèt la epi konplete yon afidavi pou'w sipòte vyolasyon an. Jij la ap gen pou'l detèmine ki jan de aksyon ki nesèsè pou sekirite'w ak sekirite pifit ou. Anba dispozisyon Seksyon 741.315(2) lwa Florida, si ou gen lòd pou pwoteksyon'w kont vyolans domestik ki soti nan yon lòt eta, lwa federal ak lwa Florida mande pou Lapolis rekonèt lòd pou pwoteksyon sa a menjan ak le yon tribinal nan Florida bay yon lòd, ak kondisyon ke tribinal ki te bay lòd la te bay moun ki akize a yon chans pou'l ale nan tribinal la. Kondisyon sa kouvri tout lòd ki soti sou tout teritwa ki pou Etazini.

Egzanpsyon Pou Enspeksyon Piblik

Anba dispozisyon Seksyon 119.071(2)(j) lwa Florida, leta pa ka egzamine oubyen enspekte okenn enfòmasyon ki genyen nmewo telefòn kay ou oubyen travay ou, adrès kay ou oubyen travay ou, oubyen enfòmasyon ki bay lis byen ke yon moun genyen si moun nan se yon viktim kadejak, abi grav sou timoun, asèlman, asèlman ki fèt ak zam, atak fizik ki fèt ak nenpòt zam, oubyen vyolans domestik.

Ou dwe fè yon demann alekri. Epi ou dwe bay gadyen achiv tribinal la verifikasyon ki ofisyèl, tankou yon rapò lapolis, ki pwouve ke ou t e viktim yon krim ki aplikab. Tout enfòmasyon sa yo ap rete klasifye pou 5 lane. Apre sa, yo pral vin disponib pou piblik la ankò.

Pwosedi Pou'W Jwenn yon Enjoksyon Pou Pwoteksyon Kont Vyolans Domestik, Vyolans Ant Menaj, Vyoans Repete, oubyen Asèlman

Alèkile, ou ka jwen yon enjoksyon nan tribinal ki rele West Satellite Courthouse la. Li sitye nan 100 N. Pine Island RD, chanm 108, Plantation, FL. Pou yon moun ranpli yon enjoksyon, fòk li la ant 8:00 AM jiska 2:00 PM. Moun ki ranpli enjoksyon an genyen jiska 4:00 PM pou'l vin chèche enjoksyon an. Apre lè sa yo, ou ka al ranpli

oubyen chèche enjoksyon ou nan tribinal prensipal la.

Si'w vle itilize tribinal prensipal la, w'ap jwenn papye ki nesèsè yo nan chanm 02140, adrès la se 201 S.E. 6th Street, Ft. Lauderdale, Florida. Lè yo ouvri se Lendi a Vandredi, a pati de 8:30 AM jiska 5:00 PM. Pote yon kat idantifikasyon ki genyen foto'w sou li. Moun ki vini pou yok a ranpli yon enjoksyon pap peye pou gare machin yo. Pou yo valide tikè ou resewa apre'w fin gare machin ou a, fòk ou mete machin nan nan garaj ki sitye a lès tribinal la. Adrès garaj la se 540 S.E. 3rd Avenue, Fort Lauderdale, Florida.

Enjoksyon poko ap antre an vigè toutan yo poko sèvi'l bay moun ki abize'w la. Se pou sa li nesèsè pou'w bay adrès kote moun sa rete. Ou ka kontakte depatman Biwo Broward Sheriff la (954) 831-8787 si'w vle konnen si enjoksyon an sèvi deja. Ou ka mande tou pou yo fe'w konnen le yo sèvi li.

Ak Kiyès Mwen Ka Pale Si Mwen Bezwen Plis Enfòmasyon?

Depatman Polis Plantation	
Defansè Viktim yo	954-797-2172
Liy Nasyonal Dirèk Pou Timoun	
Yo Abize	1-800-422-4453
Liy Nasyonal Dirèk Pou Vyolans Domestik	1-800-799-7233
Liy Nasyonal Dirèk Pou Vyolans Ant Adolesan	
Ki Menaj	1-866-331-9474
Florida Liy Dirèk	1-800-500-1119
Florid Liy Dirèk Abi	1-800-962-2873
Inite Defansè viktim Biwo Pwokirè Eta a	954-765-4133
Inite Vyolans Domestik	954-831-7978
Sèvis Tribinal Pou Fanmi	954-831-8532
Tribinal West satellite	954-831-5612
Fanm An Detrès	954-760-9800
Liy Dirèk Pou Abri/Apre Orè	
Lòd Restriksyon	954-761-1133
Èd Legal Nan Broward	954-358-5644
Notifikasyon pou Viktim	954-321-4135
Prison Broward County	954-831-5900
BSO Divizyon Sitwayen	954-831-8787
Premye apèl pou sekou	211

Sèvis Pou Konsèy

Fanm An Detrès	954-760-9800
Nova	954-262-5730
Fifth Street Counseling	954-797-5222

Selon lwa Florida 741.29 – "SI OU VIKTIM VYOLANS DOMESTIK, ou ka mande pwokirè eta a pou'w ranpli yon plent kriminèl. Epi ou gen dwa pou'w ale nan tribinal pou'w ranpli yon petisyon ki mande yon enjoksyon kont vyolans domestik. Enjoksyon sa a anpeche moun kite abize'w la kontinye fè'w abi, egzijè moun sa kite kay la, anpeche moun sa antre nan kay ou, biznis ou, oubyen travay ou. Enjoksyon an ap mete'w kò gadyen legal timoun ki minè, epi l'ap egzijè moun ki abize'w la peye'w sipò pou oumenm ak piti ou si moun nan gen obligasyon legal pou'l fè sa."

Avi Sou Dwa Legal Ak Rekou Pou Moun ki Viktim Vyolans Domestik, Vyolans Ant Menaj, Vyolans Repete, Kadejak, Asèlman



Depatman Polis Plantation
451 N.W. 70th Terrace
Plantation, FL 33317

Pou l'jans: 911
Si se pa l'jans: (954) 797-2100
Defansè Viktim Yo: (954) 797-2172

Ofisye _____

Nimewo Rapò _____

(**Creole**) Revize 03/19

Kisa Ki Vyolans Domestik?

Anba dispozisyon Seksyon 741.28 lwa Florida, vyolans domestik vle di nenpòt menas, menas ak nenpòt zam, atak fizik, atak fizik grav, menas kadejak, kadejak, asèlman, asèlman ki fèt ak nenpòt zam, anlèvman, anprizònman ki fo, oubyen nenpòt ofans kriminèl ki ka lakòz yon moun blese oubyen mouri lè moun ki fè zak la se yon fanmi oubyen moun ki rete nan menm kay ak viktim nan. Fanmi oswa moun ki rete nan menm kay ak ou se mari oswa madanm, ansyen mari oswa madanm, moun kap viv aktyèlman nan menm kay ansanm tankou fanmi, epi moun ki gen pitit ansanm ke yo te marte oswa ke yo pa't marte. Eksepte moun ki gen pitit ansanm, fanmi an oswa manm kay la dwe viv ansanm nan kay la aktyèlman oubyen yo dwe te konn viv nan menm kay.

Vyolans Domestik Gen Ladan'l:

Abi fizik – Pouse, souflete, bay kout pye, bay kout pwen, toufe, ak bat
Abi Emosyonèl/Vèbal – entimidasyon vèbal, menas kredib, swiv moun, asèlman, epi aji ak kolè
Kadejak oswa atak fizik – Nenpòt lè yon moun manyen yon lòt oubyen fòse yon lòt pou antre an relasyon seksyèl san li pa dakò.

Kisa Ki Vyolans Seksyèl?

Anba dispozisyon Seksyon 784.046 lwa Florida, vyolans seksyèl fèt se lè yon moun fè yonn nan aksyon sa yo:

- Kadejak, selon sa chapit 794 FSS
- Zak vilgè, selon chapit 800 FSS, ki fèt sou oubyen nan prezans yon moun ki gen 16 ane oubyen mwens.
- Tante oubyen kòwonpi yon timoun, jan chapit 787 FSS la di
- Fè timoun pèfòme zak seksyèl, jan chapit 827 FSS la di; oubyen nenpòt gwo krim ki fèt ak zam, nenpòt menas seksyèl, mersi lapolis te enkilpe sispèk la, oubyen menmsi pwosekitè a te redwi oubyen anile akizasyon an.

Kisa Ki Vyolans Ant Menaj?

Anba dispozisyon Seksyon 784.046 lwa Florida, vyolans ant menaj se vyolans ant

de (2) moun ki genyen oubyen te genyen yon relasyon romantik oubyen entim kite kontinyèl. Faktè ki detèmine yon relasyon konsa se:

- Yon relasyon ki ekziste oubyen te ekziste pandan sis (6) dènye mwa yo;
- Relasyon sa a karakterize pa lè gen atant afeksyon oubyen patisipasyon seksyèl ant de (2) moun ki renmen;
- Frekans ak tip entèraksyon ant moun yo ki nan relasyon an dwe pran an konsiderasyon kantite tan moun yo gen ansanm.

Tèm sa pa enkli vyolans ant moun ki sèlman zanmi oubyen ki sèlman rekonèt yonn ak lòt nan yon kontèks sosyal oubyen biznis.

Kisa Ki Vyolans Repete?

Anba dispozisyon Seksyon 784.046 lwa Florida, vyolans repete se de(2) ensidan vyolans oubyen asèlman le yonn nan ensidan sa yo fèt nan yon espas sis(6) mwa de lè yon moun te ranpli yon petisyon, epitou si ensidan vyolans lan lan te fèt kont moun ki te ranpli petisyon an oubyen kont fanmi pre moun ki te ranpli petisyon an.

Kisa Ki Asèlman?

Anba dispozisyon Seksyon 784.048 lwa Florida, asèlman fèt se lè yon moun, ak tout konesans li, ak move entansyon, epi pandan plisye fwa swiv, anmède, oubyen veye sou entènèt lon lòt moun. Asèlman grav se lè moun sa fè yon menas kredib sou yon lòt moun.

Kisa La Lwa Vle Di?

Ou gen dwa pou w mande pwokirè eta a pou w ranpli yon plent kriminèl, epitou ou gen dwa pou w ale nan tribinal pou w ranpli yon petisyon ki mande yon enjonksyon kont vyolans domestik, vyolans ant menaj, vyolans seksyèl, oubyen asèlman si ou se:

- Viktim vyolans domestik, vyolans repete, vyolans ant menaj, vyolans seksyèl, oubyen asèlman
- Paran yon timoun ki rete lakay ou, epi timoun sa a bezwen yon enjonksyon ki pwoteje'l kont vyolans domestik, vyolans repete, vyolans ant menaj,

- vyolans seksyèl, oubyen asèlman, OUBYEN
- Si ou gen bon jan rezon pou w kwè ke oumenm oubyen pitit ou ki minè an danje pou vin viktim nenpòt zak vyolans domestik.

Enjonksyon sa ka enkli:

- Egzije moun ki abize'w la kite kay la
- Anpeche moun ki abize'w la kontakte'w, oubyen anpeche lot abi kont ou avèk yon kondisyon "zero Kontak" an atandan jijman. Kondisyon sa ap egzije moun ki abize'w la rete 500 pou pi piti de kay, machin, lekòl, biznis, oubyen travay ou.
- L'ap mete'w kòm gadyen legal timoun minè nou genyen
- L'ap egzije moun ki abize'w la peye'w sipò timoun minè si moun ki abize'w la gen obligasyon legal pou fè sa

Pou sekirite ou, ou ka bay tribinal la adrès ou nan yon aplikasyon ki konfidansyèl li w'ap ranpli enjonksyon an oubyen petisyon an.

Ou pa gen okenn obligasyon pou w rete nan yon kay kote ou se yon viktim vyolans domestik. Adrès ou ka diferan de kote patnè'w rete a.

Kòmman La Lwa Ka Ede'm?

Si ou viktim vyolans domestik, vyolans repete, vyolans ant menaj, kadejak, asèlman, oubyen si ou gen tapèrèz ke yon moun pral fè'w di mal, lwa vyolans domestik nan Florida ba'w posiblite pou w ka travay ak tribinal la pou yo ka ede'w rete an sekirite. Kontakte sant vyolans domestik lokal ou pou w ka fè plan sekirite anvan ou ranpli yon enjonksyon. Grefye nan tribinal la gen obligasyon pou asiste'w lè w'ap chèche yon enjonksyon pou pwoteksyon, oubyen lè w'ap chèche fè aplike konsekans ki genyen pou vyolasyon enjonksyon an. Anba dispozisyon Seksyon 741.30(1)(f) lwa Florida, pèsòn pa bezwen yon avoka pou ranpli yon enjonksyon. Jis ale nan biwo greye tribinal nan awondisman kote ou rete a.

- Pote idantifikasyon'w
- Pou enfòmasyon ki di kote yo ka jwen moun ki abize'w la
- Pote tout lòt enfòmasyon sou moun ki abize'w la, tankou foto'l oubyen idantifikasyon'l

- Pote tout papye ki lye ak ka'w la
- Di grefye a ke ou vle ranpli yon enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans domestik, vyolans repete, vyolans ant moun ki menaj, oubyen kadejak
- Grefye tribinal la ap ede'w ranpli papye ki nesèsè yo. Lè w'ap ranpli fòm sa yo, eksplike jij la egzakteman ki jan de pwoteksyon ou bezwen, epi kont kimoun ou bezwen pou pwoteje'w.
- Apre'w fin konplete papye yo, tribinal la ka detèmine ke ou an danje pou'w ka viktim vyolans domestik. Tribinal k aba ou yon enjonksyon tanporè ki bon pou 15 jou. Apre sa, tribinal la pral fè yon jijman konplèt k'ap pran an konsiderasyon sekirite ou ak sekirite pitit ou.
- Pou enjonksyon an rantrè an vigè, fòk moun ki abize'w la resevwa'l. Enjonksyon an ap di moun ki abize'w la kisa jij la mande, epitou kilè pou'l ale nan tribinal pou jijman an. Jijman sa a ap fèt nan yon espas de 15 jou, a mwens ke moun ki abize'w la poko resevwa enjonksyon an.
- Ou ka mande pou'w resevwa yon notifikasyon lè enjonksyon an sèvi, oubyen pou yo notifiye'w otomatikman nan yon espas de 12 è apre yo fin sèvi enjonksyon an.
- Li enpòtan pou'w ka prezan diran jijman an pou'w fè si ke jij la konprann ki jan de ed ou bezwen epi poukisa. Si ou pa vini, dabitid jij la revoke enjonksyon an.
- Apre jijman an, jij la ka akòde yon enjonksyon final. Enjonksyon final sa a ap toujou an vigè a mwens ke tribinal la revoke'l oubyen modifiye'l.

Kisa Pou'm Fè Si Moun Ki Abize'm Nan Vyole Enjonksyon An?

Tribinal la ap ba ou yon kopi enjonksyon an. **Toujou Kenbe kopi sa avèk ou.**

- Si moun ki abize'w la vyole kondisyon ki nan enjonksyon an, rele Lapolis touswit
 - Lapoli ka arete moun ki abize'w la
 - Si Lapolis arete moun ki abize'w la, leta ap kenbe'l joutan'l peye yon kosyon
 - Anvan yo lage'l, jij la app ran an konsiderasyon sekirite ou ak sekirite pitit ou
 - Tribinal la ka enpoze lòt penalite jan la lwa otorize
- Si moun ki abize'w la vyole enjonksyon an,